

## Ou Bezwen Asirans Sante? Vizite CoverME.gov jodia!

Si ou se yon travayè sezonye nan Maine ak yon Viza H2-A oswa H2-B, ou ka kalifye pou asirans sante atravè CoverME.gov.

CoverME.gov se kote moun k ap viv nan Maine ki kalifye yo ka aplike pou asistans finansyè epi achte bon jan kalite asirans sante abòdab. Plan sante Marketplace sou CoverME.gov ofri yon seri benefis sante konplè, epi CoverME.gov se sèl kote pou jwenn asistans finansye pou ede diminye depans peman asirans lan chak mwa. Anpil moun k ap viv nan Maine ka jwenn pwoteksyon pou kèk dola pa mwa.

Ou pral gen 60 jou pou aplike epi enskri nan asirans sante atravè yon Peryòd Enskripsyon Espesyal yon fwa ou fin resevwa yon viza, oswa ou ka enskri pandan Peryòd Enskripsyon Ouvè anyèl la soti 1<sup>ye</sup> Novanm jiska 15 Janvye.

### Imigrasyon ak CoverME.gov:

- **Lè ou aplike pou asirans sante atravè CoverME.gov, sa p ap afekte chans ou genyen pou ou vin yon rezidan pèmanan legal Ozetazini.**
- Dokimantasyon sitwayènte oswa estati imigrasyon nesesè sèlman pou moun k ap aplike pou pwoteksyon yo, pa pou lòt manm nan kay la.
- Ajans gouvènman an p ap itilize enfòmasyon konsomatè yo bay pou aplike lwa oswa règleman imigrasyon yo.

### Èske ou bezwen èd pou Aplike?

**Sant Asistans Kliyan CoverME.gov** a pare pou ede, Lendi-Vandredi, 8am-5pm EST. Rele nou nan \*1-866-636-0355 – pou yon lang ki pa Anglè chwazi 4.

**Pwogram Asistans Konsomatè Maine nan Konsomatè pou Swen Sante Bon Mache [Affordable Health Care]** opere yon Liy Asistans nan tout eta a pou reponn kesyon sou kalifikasyon pou asirans sante, ede ou ranpli yon aplikasyon, epi ranpli enskripsyon nan yon plan. Kontakte yo lendi-vandredi, 8:30 am-4:30 pm nan \*1-800-965-7476 oswa imèl [HELPLINE@MAINECAHC.ORG](mailto:HELPLINE@MAINECAHC.ORG).

\* Tanpri sonje ke nimewo telefòn sa yo pa ka jwenn aksè nan WhatsApp.